



Konsènan Doxy PEP

Kisa doxy PEP ye?

Doxy PEP vle di pran antibiyotik doxycycline nan apre ou fin fè bagay pou anpeche ou pran yon seri enfeksyon moun pran nan fè bagay (STI). Li tankou yon konprime ou pran 24 èdtan apre ou fin fè bagay pou pa vin ansent, men se pou STI yo. Lè ou pran doxy-PEP, sa redui anviwon de (2) tyè nan risk pou pran sifilis, blenoraji ak klamidya.

Kilè mwen dwe pran doxy PEP?

Doxy PEP pi byen fonksyone lè w pran li 24 èdtan apre ou fin fè bagay. Pran de (2) konprime doxycycline 100-miligram (mg) nan espas 24 èdtan (oswa pou pita 72 èdtan) apre ou fin fè bagay san kapòt. Rapò seksyèl san kapòt nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen (nan bouboun) lè ou pa itilize yon kapòt pandan tout tan rapò seksyèl la dire a.

E si mwen fè bagay ankò nan 24 èdtan apre mwen fin pran doxy PEP?

Si ou fè bagay ankò nan 24 èdtan apre ou fin pran doxycycline, pran yon lòt dòz (de (2) konprime 100 miligram) 24 èdtan apre dènye dòz la. Pran doxycycline nan byen souvan chak jou lè ou fin fè bagay san kapòt, men, pa pran plis pase 200 miligram (de (2) konprime 100 miligram) nan yon peryòd 24 èdtan.

Kijan mwen dwe pran doxy PEP?

- Pran doxycycline avèk **anpil** dlo oswa avèk yon lòt bwason yon fason pou w kapab vale doxycycline nan pi fasil. Si doxycycline nan fè ou gen lestomak fè mal, li kapab bon pou pran li pandan w ap manje.
- Gen kèk moun ki vin pi sansib ak limyè solèy la lè yo pran doxycycline, donk, itilize yon ekran solè oswa kouvri kote po w ekspoze nan solèy la lè ou deyò.
- Evite pran anti-asid, miltivitamin ansanm ak sipleman ki gen kalsyòm, manyezyòm oswa fè nan de (2) èdtan anvan oswa apre ou fin pran doxycycline, paske li kapab anpeche kò ou absòbe antibiyotik la.

Kisa nou toujou ap aprann sou doxy PEP?

Sa gen plizyè lane depi yo ap itilize doxycycline an sekirite pou goumen kont lòt enfeksyon, san wete bouton akne. Sepandan, doxy PEP se yon novo fason pou itilize antibiyotik la, donk, nou pa konnen ki efè li kapab genyen alontèm.

Nou pokonnan si lè yon moun pran doxy PEP sa ap afekte bakteri nòmal oswa "bon" bakteri ki nan entesten an epi ki kapab sou po a, oswa si sa p ap afekte yo. Epitou, nou pa konnen si lòt bakteri ki lakoz STI aoswa lòt enfeksyon yo ap vin rezistan, sa ki ap lakoz yo vin pi difisil pou trete.

Rapèl

- Kontinye fè tès depistaj pou STI chak twa (3) mwa, epi chak fwa ou gen sentòm.
- Doxy PEP pa pwoteje kont mpox (yo te konn rele varyòl senj (monkeypox) anvan sa), papillomavirus imen (HPV), èpès, VIH oswa lòt enfeksyon viral.
- Tanpri, pa pataje doxycycline nan avèk lòt moun.

Pou jwenn enfòmasyon ajou sou sèvis Klinik Sante Seksyèl, adrès ak lè li louvri, ale sou nyc.gov/health/sexualhealthclinics oswa rele **311**. Pou pran yon randevou nan Express Clinic pou fè yon tès depistaj rapid STI, ale sou bit.ly/sti-scheduling.

Pou sèvis telemedsin ki lye avèk VIH, STI, kontrasepsyon ak medikaman pou avòtman, rele liy dirèk Klinik Sante Seksyèl la nan 347-396-7959, lendi rive vandredi, 9 a.m. pou 3:30 p.m.